**SUMMARY.** The article examines the scientific views, perspectives, and hypotheses of researchers who have conducted studies in the field of artificial intelligence and automated robotic journalism. It explores the quality of articles created with the help of AI compared to those written by humans, as well as users' attitudes toward these technologies.

## САПАЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ – КЕЛЕШЕККЕ ИСЕНИМЛИ ТИЙКАР ЖАРАТАДЫ

**Қурбанова Нуржамал Бахбергеновна** – *Қарақалпақстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлигиниң «Мәмлекетлик жеке-шерикшиликти раўажландырыў секторы» жетекши қәнигеси*

**Таянч сўзлар:** мактабгача таълим, давлат-хусусий шерикчилик асосидаги нодавлат мактабгача таълим ташкилоти, оилавий нодавлат мактабгача таълим ташкилотлари, болаларни мактабгача таълим билан қамраб олиш.

**Ключевые слова:** дошкольное образование, негосударственные дошкольные образовательные организации на основе государственно-частного партнерства, семейные негосударственные дошкольные образовательные организации, охват детей дошкольным образованием.

**Key words:** preschool education, non-state preschool educational organizations based on public-private partnership, family non-state preschool educational organizations, coverage of children with preschool education.

Соңғы жылларда әмелге асырылған кең көлемли реформалар нәтийжесинде бир қатар тараўлар, соның ишинде, мектепке шекемги билимлендириў тараўында да бир қатар жаңаланыўлар, унамлы өзгерислер көзге тасланбақта. Әсиресе, мектепке шекемги билимлендириў системасын реформалаў процессинде балаларды мектепке шекемги билимлендириўге толық қамтып алыўды тәмийинлеўге айрықша итибар қаратылмақта. Усы мақсетте республикамыздағы мектепке шекемги билимлендириў мәкемелериниң имаратлары бириниң изинен бири қурылыс-оңлаўға жумыслары алып барылып, пайдаланыўға тапсырылмақта. Соны да атап өтиў керек, республикамызда мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде әмелге асырылып атырған қурылыс ҳәм ири оңлаў жумыслары елимиздиң билимлендириў системасында алға қойылған мақсетлерди әмелге асырыў жолындағы әҳмийетли қәдем болып табылады.

Президентимиздиң басламасы менен мектепке шекемги билимлендириў системасын реформалаўға қаратылған бир қатар қарар, пәрман ҳәм бийликлер қабыл етилгенлигин атап өтиў керек. Қабыл етилген қарар, пәрман ҳәм бийликлер әсиресе, мектепке шекемги билимлендириў системасында мәмлекетлик басқарыўды түп-тийкарынан жетилистириў, билимлендириўди басқарыўға ўәкилликли мәмлекетлик шөлкемлердиң жуўапкершилигин және жумыс нәтийжелилигин арттырыў, елимизди социаллық-экономикалық раўажландырыўдың әҳмийетли ўазыйпаларынан келип шыққан ҳалда, мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде алдыңғы сырт ел тәжирийбелерин, жаңа педагогикалық технологияларды, билимлендириўдиң техникалық ҳәм информациялық қуралларын енгизиўди күшейтиў, мектепке шекемги билимлендириў процесин халықаралық стандартлар дәрежесине сай тәризде шөлкемлестириў ушын зәрүр шараятлар жаратыўға қаратылған. Усы бағдарда балаларды мектепке шекемги билимлендириў менен қамтып алыў дәрежесин арттырыў мақсетинде, «2025-2026-жыллары балаларды мектепке шекемги билимлендириў менен қамтып алыў дәрежесин арттырыў бойынша қосымша илажлар ҳаққында»ғы Ҳүкимет қарары (83-санлы, 12.02.2025.ж) қабыл етилди. Сол себепли мектепке шекемги билимлендириў тараўын раўажландырыў бойынша ҳәм шөлкемлестириўшилик ҳәм мазмун жағынан көп жумыслар исленбекте.

Яғный, Президенттиң ПК-308-санлы қарары менен 2030-жылға шекем мәмлекетлик-жеке шериклик жойбарларын раўажландырыў бойынша тийисли ис-илажлар тастыйықланды. Онда айтылыўынша, усы мүддетке шекем кеминде 30 миллиард АҚШ доллары муғдарында жеке инвестицияларды киргизиў мақсетли көрсеткиши тәмийинлениўи зәрүр. Усы жойбарлар шеңберинде, атап айтқанда, 2025-жылдың 4-шерегинде Азия раўажланыў банки көмегинде 20 000 орынлы 100 мектепке шекемги билимлендириў шөлкемин қурыў, реконструкция етиў ҳәм пардозлаў жумыслары режелестирилмекте. Улыўма баҳасы 75 миллион АҚШ долларын қураўшы бул жойбар Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласын қамтып алады.

Соның менен бирге, Президент Шавкат Мирзиёевтиң басшылығында исбилерменликти ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў бойынша 2024-жылдың жуўмақлары ҳәм 2025-жылға тийкарғы режелер бойынша өткерилген видеоселектор мәжилиси ҳәмде жетекши исбилерменлер менен сөйлесиўинде мәмлекетлик емес мектеп ҳәм бақшалар, сырт елли муғаллим ҳәм қәнигелер ушын берилген барлық салық жеңилликлери 2030-жылға шекем әмел ететуғынлығын айтып өтти. Бүгинги күнде Қарақалпақстан Республикасы бойынша жәми 1 872 мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери болып, соннан 482 мәмлекетлик, 106 мәмлекетлик-жеке меншик шериклик тийкарында, 17 жеке меншик ҳәм 1 267 шаңарақлық мәмлекетлик емес мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери жумыс алып бармақта. Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерине қамтып алыў дәрежеси 83,2% ти қурайды. Балаларды мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлерине қамтып алыў бойынша бир қатар әмелий жумыслар алып барылмақта.

Әсиресе, мәмлекетлик-жеке меншик шериклик ҳәм шаңарақлық мәмлекетлик емес мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлериниң искерлигин еледе раўажландырыў мақсетинде унамлы жумыслар әмелге асырылмақта. Атап айтқанда: Президент Шавкат Мирзиёев усы 28-февраль күни социаллық тараўда мәмлекетлик-жеке меншик шериклик жойбарларын нәтийжели шөлкемлестириўге байланыслы презентация менен таныcты. Экономикада мәмлекеттиң үлесин кескин қысқартыў бойынша елимизде үлкен реформалар алып барылмақта. 2019-жылы "Мәмлекетлик-жеке меншик шериклик ҳаққында"ғы нызам қабыл етилгени оған кеңнен жол ашты.

Бундай шериклик социаллық тараўларда жақсы нәтийжелер бермекте. Мәселен, орынларда жеке меншик бақшалар ашылғаны себепли қамтып алыў дәрежеси бираз көтерилди. Соған қарамастан, бул бағдарда еле имканият та, талап та көп. Презентацияда медицина, билимлендириў, мәдeният ҳәм спорт бағдарларында мәмлекетлик-жеке меншик шерикликти кеңейтиў бойынша усыныслар додаланды.

Азия раўажланыў банки, Халықаралық финанс корпорациясы, Европа раўажланыў ҳәм тиклениў банки ҳәм басқа да бирге ислесиўшилер менен биргеликте мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириўи тараўында 745 миллион долларлық 6 жойбарды әмелге асырыў илажлары белгилеп алынды.

Мәмлекетимиз басшысы социаллық тараўдағы министрликлер ҳәм жергиликли ҳәкимликлерге тийисли объектлер кесиминде "жол карталары"н тастыйықлап, орынланыўын тәмийинлеў, жеке меншик шериклик жойбарларын жеделлестириў бойынша тапсырмалар берди.

Сондай-ақ, усы жыл 6-март күни Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министри Ҳ.Умарова кең көлемли мәжилис өткерди.

Онда мектепке шекемги билимлендириў тараўындағы басшылар ҳәм тийисли жуўапкерлер менен Өзбекстан Республикасының Бас министри, Президенттиң Мәмлекетлик кеңесгөйлери, тийисли министрликлер менен ведомстволардың басшылары қатнасты. Мәжилисте мектепке шекемги билимлендириў системасын структуралық жақтан түп-тийкарынан реформалаў, усы мәкемелерге балаларды толық қамтып алыў бойынша әҳмийетли ўазыйпалар қойылды.

Сондай-ақ, Президентимиздиң 2017-жыл 30-сентябрьдеги «Мектепке шекемги

билимлендириў системасын басқарыўды түп-тийкарынан жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы пәрманы ҳәм «Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги билимлендириў министрлигиниң жумысын шөлкемлестириў ҳаққында»ғы қарарына муўапық бул салада жаңа система жаратылды.

Министрликтиң алдына мектепке шекемги билимлендириў саласында бирден-бир мәмлекетлик сиясатты ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў, мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлериниң мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес тармағын кеңейтиў ҳәм материаллық-техникалық базасын беккемлеў, оларды маман педагог кадрлар менен тәмийинлеў, мектепке шекемги билимлендириў мәкемелерине балаларды қамтып алыўды кескин арттырыў, тәлим-тәрбия процесслерине заманагөй билимлендириў бағдарламалары менен технологияларды енгизиў арқалы балаларды ҳәр тәреплеме интеллектуаллық, руўхый-эстетикалық, физикалық раўажландырыў және оларды мектепке таярлаў сапасын түп-тийкарынан жақсылаў ўазыйпалары қойылды. Мәжилисте усы бағдарда әмелге асырылып атырған жумыслар додаланды.

Өзбекстан Республикасы Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министри Ҳилола Уктамовна Умарованың атап өтиўинше, мәмлекетлик емес бақшалардың педагоглары да методикалық шеберлик күни ҳәм сааты илажларына қамтып алыў ҳәм келеси жылдан мәжбүрий бес жылда бир мәрте 100 саатлық қәнигелигин арттырыў процесслерине тартылады.

Бунда қәнигелигин арттырыў оқыў бағдарламасына педагоглардың эмоционаллық жағдайын тексериў ҳәм басқарыў көнликпелерине қаратылған модуль киргизиледи. Соның менен бирге, кейинги бес жылда мектепке шекемги билимлендириў менен қамтыў 80 пайыз, 6 жасар балаларды мектепке таярлаў системасы менен қамтып алыў 100 пайызға жеткериледи.

Соны атап өтиў орынлы, усы жыл 1-январьдан баслап қамтып алыў дәрежеси төмен болған мәмлекетлик улыўма орта билимлендириў мәкемелериниң бос турған жер участкаларында мәмлекетлик-жеке меншик шериклик тийкарында мәмлекетлик емес мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлериниң жумысын жолға қойыўға рухсат берилди.

Усы мүнәсибет пенен, министрликтиң аймақлық бөлим баслықлары бир ҳәпте мүддетте интакер исбилерменлерди таўып, бул мәселеде анық усынысларды усыныўы зәрүр. Жеке исбилерменлер, маман қәнигелер бақша тәрбияшыларының маманлығын арттырыўға баслама көрсетсе, олар әлбетте қоллап-қуўатланады.

Мәмлекетлик емес бақшалар тәрепинен мүрәжатларды министрликке турақлы жиберетуғын, яғный мәмлекетлик емес бақшалардағы орынлар, педагогларға болған талапты анық көрсетип беретуғын айрықша система жаратылады. Яғный, арнаўлы бот арқалы машқалалы жағдайлардың шешимлери бойынша мәмлекетлик емес бақшалар тәрепинен мүрәжат етиў имканияты жолға қойылады. Мәмлекетлик емес бақшалардың педагоглары да методикалық шеберлик күни ҳәм сааты илажларына қамтып алыў ҳәм келеси жылдан мәжбүрий бес жылда бир мәрте 100 саатлық тәжирийбе арттырыў процесслерине тартылады. Бунда тәжирийбе арттырыў оқыў бағдарламасына педагоглардың эмоционаллық жағдайын тексериў ҳәм басқарыў көнликпелерине қаратылған модуль киргизиледи.

Бәршемизге мәлим, мектепке шекемги билимлендириў системасы үзликсиз билим бериўдиң дәслепки, ең тийкарғы буўыны болып табылады. Қәнигелер менен педагоглардың илимий шешимлерине бола, инсан өз өмири даўамында алатуғын барлық мәлимлеме ҳәм мағлыўматлардың 70 пайызын 5 жасқа шекемги болған дәўирде алады. Әне, усы дәлилдиң өзи балаларымыздың жетик ҳәм бәркамал шахс болып өсиўинде бақша тәрбиясының қаншелли үлкен әҳмийетке ийе екенин айқын дәлиллеп тур.

Буған қосымша дәлил излеп узаққа барыўдың қәжети жоқ. Бақша тәрбиясын алған бала менен бақшаға бармаған баланы салыстырғанда, олардың пикирлеў дәрежесиниң арасында жер менен аспандай парық бар екенин сезиў қыйын емес.

Бала тәрбиясы дийқанның атызға туқым шашыўы ҳәм зүрәәтти күтиўине уқсайды. Үйимизде өсип киятырған балалардың ертеңги өмирге қалай таяр болыўы бүгинги тәрбиямызға байланыслы. Өйткени, перзентлермиздиң келешеги жолында әмелге асырылған ийгиликли ислер ҳеш қашан изсиз кетпейди. Оларға пуқта билим ҳәм тәрбия берилсе, елдиң раўажланыўына өз үлесин қосады, жәмийеттиң раўажланыўы ушын хызмет етеди. Елимизде жас әўладтың камалға келиўине жоқары итибар, соның ишинде, ул-қызлардың терең билим алыўы ҳәм кәсип-өнер ийелеўи жолындағы ҳәрекетлер де өзиниң айқын нәтийжелерин беретуғыны сөзсиз.

## Әдебиятлар


1. Мектепке шекемги билимлендириўге қойылатуғын Мәмлекетлик талаплар. Өзбекстан Республикасы халық билимлендириў министриниң 2017-жыл 9-июньдағы 5-мҳ-санлы буйырығы менен тастыйықланып, Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен 2017-жыл 17-июльде дизимнен өткерилген, дизим саны-2898.
2. Өзбекстан халық билимлендириў министриниң 2016-жыл 30-декабрьдеги «Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2016-жыл 29-декабрьдеги «2017-2021-жылларда мектепке шекемги билимлендириў системасын буннан былай да жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-2707-санлы қарарында белгиленген ўазыйпаларды әмелге асырыў бойынша илажлар режеси ҳаққындағы 315-санлы буйрығы.
3. Умарова В., Рахмонқулова З. «Болажон» таяныш бағдарламасы бойынша әдебиятлар топламы.- Т.: «Бекинмачоқ-плюс», 2012.
4. Миржалилова С.С, Грошева И.В, Нишанова М. Мектепке шекемги билимлендириў мәкемелеринде кишкене китапхана жаратыў, оның жумысын шөлкемлестириў ҳәм балалар көркем әдебиятынан нәтийжели пайдаланыў бойынша көрсетпе. / Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Мектепке шекемги билимлендириў мәкемелери хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў республикалық оқыў-методикалық орайында шөлкемлестирилген Илимий-методикалық кеңестиң 2017-жыл 25-январьдағы гезексиз 1-санлы баянламасы қарары менен тастыйықланған.
5. http://www.uzedu.uz - Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги сайты.
6. http://www.lex.uz - Өзбекстан Республикасы Нызам ҳүжжетлери мағлыўматлар миллий базасы сайты.



**РЕЗЮМЕ.** Қорақалпоғистон Республикасидаги мактабгача таълим ташкилотлари, яъни давлат, давлат-хусусий шерикчилик ва оилавий нодавлат мактабгача таълим ташкилотлари, уларга болаларни қамраб олиш ишлари ўрганилди.

**РЕЗЮМЕ.** Изучены дошкольные образовательные организации Республики Каракалпакстан, государственные, негосударственные ДОО на основе государственно-частного партнёрства и семейные негосударственные дошкольные образовательные организации, работа по охвату ими детей.

**SUMMARY.** The activities of preschool educational organizations of the Republic of Karakalpakstan, state, non-state preschool educational organizations based on public-private partnership and family non-state preschool educational organizations, and the work on their coverage of children were studied.